



## \*SÈVIS ENFÒMASYON + ORYANTASYON

Dokiman akèy ki dekri sèvis lokal yo, ekipman yo ak enfòmasyon kiltirèl yo. Seyans oryantasyon pou ede imigran yo konprann kominote lokal la, lwa yo, ak koutim yo.

## ASISTANS LENGWISTIK

Kou lang oubyen resous pou ede imigran yo amelyore nivo anglè yo. Sèvis tradiksyon pou dokiman enpòtan ak komunikasyon.

## LOJMAN AN IJANS + BEZWEN FONDAMENTAL

Asistans pou bezwen fondamental yo - lojman an ijans, manje, rad, founiti, mèb, èd pou lwaye, èd nan sèvis piblik yo ak lòt bezwen pou kreye oubyen konsève stabilite.

## SIPÒ POU TRAVAY

Èd pou chèche travay, atelye pou ekri CV ak preparasyon pou entèvyou. Enfòmasyon sou salon travay lokal ak opòtinite pou travay.

## ÈD POU LOJMAN

Konsèy pou w jwenn yon lojman ki abòdab. Asistans finansye lè sa posib. Enfòmasyon sou dwa ak responsabilite lokatè yo.

## ENFÒMASYON SOU SWEN SANTE

Konsèy pou w jwenn aksè ak sèvis sante yo. Enfòmasyon sou opsyon nan kesyon asirans maladi epi sou swen gratis/a ba pri.

## RESOUS EDIKATIF

Enfòmasyon sou lekòl lokal yo, kolèj yo ak pwogram fòmasyon pou grammoun. Asistans nan pwosesis enskripsiyon yo.

## PWOGRAM KILTIRÈKL + KOMINOTÈ

Evènman ak pwogram k ap valorize divèsite kiltirèl yo. Inisyativ entegrasyon kominotè, tankou pwogram echanj kiltirèl yo.

## SÈVIS SOSYAL

Aksè ak sèvis èd sosyal, tankou konsèy ak resous nan kesyon sante mantal. Enfòmasyon sou kominote lokal ak gwoup sosyal yo.

## REPONS POU TWOMATIS YO

Pwogram espesyal ak èd pou fanm ak timoun ki imigre yo te trafike, abize ak twomatize.

## POSIBLITE REZOTAJ

Rankont oubyen evènman k ap pèmèt imigran yo rantre an kontak youn avèk lòt epi ak kominote lokal la. Pwogram parenaj pou konekte moun ki fenk vini yo ak sa ki gen rezidans yo.



## ASISTANS GOUVÈNMANTAL + ADMINISTRATIF

Èd pou fè rechèch nan sèvis gouvènmantal yo ak fòmalite administratif yo. Enfòmasyon sou resous kominotè ak gouvènmantal lokal yo.

## ENFÒMASYON SOU TRANSPÒ

Enfòmasyon sou fason pou w jwenn pèmi kondui ak imatrikilasyon pou machin ou. Èd pou transpò (ti bis FP oubyen Uber) sou yon baz ki limite.

## PWOGRAM EDIKASYON FINANSYE

Atelye sou bidjetizasyon, operasyon bankè, ak planifikasyon finansye. Enfòmasyon sou pwogram asistans finansye ki disponib yo.

## SANSIBILIZASYON KOMINOTÈ +

**PLEDWARI** Pledwari pou dwa ak reprezantasyon imigran yo. Inisyativ pou sensibilize ak pou favorize konpreyansyon ak akseptasyon nan kominote a.

## SÈVIS GADRI

Enfòmasyon sou opsyon pou gadri lokal yo. Entegrasyon nan gadri Family Promise, si li disponib. Èd pou enskri timoun yo lekòl.

## KONTAK

 **ZÒN:** 201 W. Main Street, Level 3, Plainfield, IN 46168

 **TELEFÒN:** 317-296-3742

 **IMÈL:** INFO@FamilyPromiseHendricksCounty.org

 **ESTAF:** Mariela Lozano: Direktè imigrasyon - Mariela@FamilyPromiseHendricksCounty.org  
Dewy Almanzar: -Defanse Familyal- Dewy@FamilyPromiseHendricksCounty.org  
Brenda Granados: Defanse Sevis Imigran- Brenda@FamilyPromiseHendricksCounty.org  
Katy Beringer: Kowòdonatè edikasyon - Katy @FamilyPromiseHendricksCounty.org

 **RANDEVOU:** Tanpri pran yon randevou pou w ka jwenn èd pa telefòn oubyen pa imèl. Mèsi!

